

**YON
TI MOUN
KAP
REVE**

Se Cindy Similien ki ekri liv sa a

Se Jeric Tan ki fè desen yo

Se Djeride Jean-Baptiste ki tradui vèsyon angle a an kreyòl

**YON
TI MOUN
K AP
REVE**



Se Cindy Similien ki gen dwa otè pou liv sa a

Se Jeric Tan ki gen dwa sou repwodiksyon desen yo

Pa gen okenn pati nan piblikasyon sa a ki ka repwodui oswa
distribye oswa tradui oswa adapte okenn jan
san pèmisyon editè a.

ISBN: 9798677042522

Liv sa a se yon piblikasyon CSJ Media Publishing

www.csjmediapublishing.com

csjmediapublishing@gmail.com



<https://mit-ayiti.net/resous/yon-ti-moun-k-ap-reve/>

Liv sa a dedye a Kaliyan Philo Similien,
ou se eritaj nou an –
lyen ant pase ak lavni.
Tant Cindy renmen ou anpil !

Epi tou, liv sa a se pou chak gress ti moun
tou patou sou latè beni.

M ap swete nou ka fè bèle rèv ki pou mennen nou lwen !



**Mwen se yon ti moun k ap reve.
Mwen ka vin nenpòt sa m vle ye.**

**Ak pasyans epi travay,
konstans epi pèseverans,
mwen ka reyalize tout objektif
ak tout rèv mwen !**



**Mwen ka vin yon pilòt,
pou m vwayaje tou patou sou latè beni,
soti Ayiti rive Ondiras,
soti Lachin rive Kanmbòdj,
soti Itali rive End,
soti Nouyòk rive Nijerya.**



**Mwen ka vin yon botanis
pou m aprann anpil bagay sou tout kalite plant ;
oubyen yon zowològ
pou m etidye tout kalite bêt ak tout sa y ap fè ;
oubyen yon fotograf pou m chache bèlte
nan tout sa m wè nan antouraj mwen.**




**Mwen ka vin yon achitèk
pou m planifye bél plas ak teren,
Iekòl ak estad,
kay kote moun rete ak kay kote yo travay,
kay ki si tèlman wo yo prèske rive touche syèl la.**



**Mwen ka vin yon chèf kizin
pou m prepare manje ki gou anpil.**



**Mwen ka vin yon polisye
pou m pwoteje kominote mwen.**



**Mwen ka vin yon pwofesè
pou m anseye elèv mwen
kòman yo kapab panse pou pwòp tèt yo,
pou yo ka rive wè mond lan yon fason ki diferan.**



A colorful illustration of a teacher in a classroom. The teacher, a person with dark skin and curly brown hair, wears a pink cardigan over a white collared shirt. They are holding a black pointer stick in their right hand and gesturing with their left hand. The background features a green chalkboard with the words "CHAT CHEN" written in white chalk. To the left of the teacher, there are two small rectangular objects: a white one with horizontal black lines and a yellow one with vertical orange lines. The floor is orange with a pattern of small brown spots.

CHAT
CHEN

**Mwen ka vin yon dansè k ap danse
nan tout mond lan ;
oubyen yon aktè k ap fè kè moun kontan
lè y ap admire fwi imajinasyon m.**

**Oubyen yon mizisyen ki ka jwe
nenpòt enstriman mizik.
Oubyen yon chantè ki ka chante
nenpòt kalite chante,
soti nan Opera rive nan *Blues*,
soti nan Pòp rive nan *R&B*,
soti nan Mizik Klasik rive nan *Country*,
soti nan Rock rive nan *Reggae*.**



**Mwen ka vin yon doktè oubyen yon enfimyè.
Yon teknisyen nan laboratwa
oubyen yon syantis
pou m dekouvri tretman pou tout maladi.**



**Mwen ka vin yon ekriven oubyen yon powèt
k ap sèvi ak pouvwa pawòl mwen
pou m transfòme mond lan.**



**Mwen se yon ti moun k ap reve.
Mwen ka vin nenpòt sa m vle ye.
Ak pasyans epi travay,
konstans ak pèseverans,
mwen ka reyalize tout objektif
ak tout rèv mwen !**



Aktivite :

Kesyon pou lektè yo :

- 1. Ki rèv ou ? Ki sa w vle ye lè w vin pi gran ?**
- 2. Ki sa w panse w dwe fè pou w rive reyalize rèv ou ?**
- 3. Èske w konnen yon moun ki se doktè, ekriven, botanis, zowològ, pwofesè, e latriye ? Tanpri, mande yo ki sa yo te fè pou yo rive reyalize rèv pa yo.**
- 4. Èske se tout ti moun tou patou ki gen menm opòtinite pou yo reyalize rèv yo ?**
- 5. Ki lòt metye, ki pa nan liv la, ou panse ki nesesè pou n transfòme mond lan e pou n ede pi plis ti moun reyalize rèv a yo tou ?**
- 6. Ki lòt fason ou panse youn ka ede lòt nan jefò n ap fè pou n reyalize rèv nou pou yon demen miyò ?**

Otè



Cindy Similien se yon otè Ayisyen-Ameriken ; yon anbasadè kiltirèl ; yon lidè nan kominote li. Deviz li se : « Viv pou renmen ; travay pou amelyore lavi lòt moun ; epi kreye eritaj ». Li etidye literati angle ak kreyasyon literè nan *Barnard College Columbia University*.

Cindy Similien ekri lòt liv sa yo pou ti moun :

Haiti Is

Ayiti Se

(Vèsyon kreyòl « Haiti is »)

Haití Es

(Vèsyon espayòl « Haiti is »)

Just A Kid With A Dream

Today, I Am Thankful For...

I Am A Black Girl

Soy Una Niña Negra

(Vèsyon espayòl « I am a Black Girl »)

I Am A Black Boy

Soy Un Niño Negro

(Vèsyon espayòl « I am a Black Boy »)

Mateo Goes to Cape Verde

Mateo Vai à Cabo Verde

(Vèsyon pòtigè « Mateo Goes to Cape Verde »)

Good Night, Baby Baby